



Pou Piblikasyon Imedya: 02/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KIRKLAND AK CLINTON KÒM GAYAN 10 MILYON DOLA NAN MOHAWK VALLEY NAN KAD SIZYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA**

***Investisman pou revitalizasyon anba lavil yo se yon pati enpòtan nan estrateji global kwasans ekonomik ak kominotè Eta a***

***Eta a pral travay avèk rezidan yo, lidè kominotè yo ak responsab piblik yo pou revitalize anba lavil PKirkland ak Clinton***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Vila Kirkland ak Vilaj Clinton pral resevwa 10 milyon dola nan finansman kòm gayan Mohawk Valley nan kad sizyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la. Nan 6èm faz DRI a, chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik eta a yo ap resevwa 10 milyon dola, pou bay yon angajman total eta a ki se 100 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo estimile ekonomi yo nan transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik.

"Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil nu an pèmèt kominote atravè New York egzekite vizyon yo pou transfòme ak amelyore sant vil yo pou rezidan yo ak vizitè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk finansman sa a, Kirkland ak Clinton pral kapab ogmante rezèv lojman yo epi modènize enfrastrikti yo pandan y ap amelyore karaktè istorik zòn anba lavil la."

DRI sèvi kòm yon eleman nan politik devlopman ekonomik Eta a nan transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire biznis, travay ak divèsite ekonomik ak lojman. Menm jan ak faz DRI pase yo, chak kominote yo chwazi ap devlope yon plan estratejik atravè yon pwosesis planifikasyon asandan ak kominotè ki kominike yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil li a epi edantifye yon lis pwojè kle ki gen potansyèl pou transfòme epi eksplwate plis investisman prive ak piblik. Depatman Eta a ap akòde fon DRI yo pou pwojè yo chwazi ki genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi reyalize vizyon kominote a.

**Vilaj Clinton ak Vil Kirkland**

Vilaj Clinton ak Vil Kirkland ankre pa yon sant vilaj solid ki te antoure pa boutik ak biznis, ansanm ak yon gwo konsantrasyon ekipman pou kalite lavi tankou Kirkland Art

Center ak Village Green. Yo konnen kominote a pou angajman li nan òki, kòm evidans li te genyen Tit Kraft USA Hockeyville 2018 la ak Clinton Arena ki fèk renove li a. Vilaj Clinton nan se lakay tou Hamilton College, yon kolèj atistik liberal ki rekonèt nasyonalman ki atire divès etidyan, pwofesè ak anplwaye. Zòn DRI pwopoze pa kominote a anglobe kèk pati nan Vilaj Clinton ak Vil Kirkland epi li gen ladan distri istorik kominote a ki deziyen federalman. Zòn DRI a gen ladan tou pwopriyete kle yo, tankou Village Hall, Clinton Cider Mill ak Alteri's Restaurant, epi anpil nan bilding nan zòn DRI yo gen ant 80 ak 100 ane.

Investisman resan yo nan Vilaj Clinton ak Vil Kirkland te pote kwasans travay, amelyorasyon enfrastrikti ak amelyorasyon nan ti biznis ak òganizasyon san bi likratif yo. Apati envestisman resan yo ak istwa rich pa yo ak tradisyon atistik ak kiltirèl aktif pa yo, kominote yo ap chèche modènize enfrastrikti, plis angaje yo nan inisyativ anviwònmanal, klimatik ak ekonomik kontinyèl yo epi amelyore pwogram pou byennèt, sante ak kalite lavi pou rezidan yo ak vizitè yo ki deplizanpli divès. Vizyon Clinton ak Kirkland konsantre sou opòtinite pou elaji itilizasyon ki deja egziste nan Sant Vilaj la, ogmante estòk lojman lokal la, modènize enfrastrikti ak ankouraje itilizasyon pasèl ki pa itilize ase yo.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mohawk Valley a te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif pou pwopozisyon ki soti nan tout rejyon an, epi konsidere tout kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande Kirkland ak Clinton kòm rejyon ki nonmen:

- Anba lavil la konpak, avèk limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik yo te fè avan yo oswa katalize yo;
- Kwasans travay resan oswa iminan nan anba lavil la oswa toupre li ki atire travayè yo, soutni reyamenajman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavil la se yon kominote ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi reyalize politik k ap ogmante abitabilite ak amelyore kalite lavi;
- Minisipalite a dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti nan yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ;
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis DRI a; epi
- Minisipalite a te idantifye pwojè transfòmasyon ki pral pare pou aplikasyon akoutèm avèk yon enjeksyon fon DRI yo.

Kirkland ak Clinton te resevwa 10 milyon dola nan finansman ak investisman eta a pou revitalize katye anba lavil li epi jenere nouvel opòtinite pou kwasans alontèm apre pwosesis planifikasyon lokal la. Kirkland ak Clinton rejernn kominote Oneonta, Rome, Amstèdam, Utica, Gloversville ak Little Falls, ki te gayan Mohawk Valley nan senk premye faz DRI yo.

Kirkland and Clinton pral kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil li avèk jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon DRI 10 milyon dola a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik la ap egzamine atou ak opòtinite lokal yo pou idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè ki aliye ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Envestisman Estratejik pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan pou sizyèm faz DRI a pral fin konplete an 2023.

**Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la se apwòch inik New York pou rezijans ekonomik lokal ak rejyonal ki fè kominote yo patisipe dirèkteman nan deside pwòp avni yo. Prim 10 milyon dola sa a pral pèmèt Kirkland ak Clinton revitalize ak dinamize sant vil pa yo avèk yon vizyon kominote sa yo kreye pou kominote sa yo. Mwen pa ka tann pou m wè siksè yo nan tan kap vini an."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development, Hope Knight, te deklare,** "Hockey, Hamilton College ak istwa tout kontribye nan apèl Kirkland ak Clinton depi lontan an, epi finansman DRI nan sizyèm faz sa a pral ajoute davantaj sou dinamik kominote Mohawk Valley sa yo. Yon plan envestisman estratejik ki estimile lokalman pral gide pwojè ki modènize bilding yo epi elaji potansyèl lojman ak biznis zòn nan, sa k ap atire plis kwasans ak opòtinite."

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare,** "Investisman 10 milyon dola sa a nan vil Kirkland ak vilaj Clinton se dènye egzanp angajman Eta a pou pwoteje resous zòn anba lavil yo atravè New York. Finansman sa a pral jwe yon wòl enpòtan nan efò revitalizasyon kominote sa yo, epi li ede asire travay k ap fèt la pral benefisyè jenerasyon kap vini yo."

**Ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mohawk Valley a, Lawrence T. Gilroy III, Prezidan Gilroy, Kernan & Gilroy, Inc. ak Doktè Marion Terenzio, Prezidan SUNY Cobleskill, te deklare,** "MVREDC sipòte avèk antouzyas opòtinite finansman DRI sa a reprezante pou Vil Kirkland ak Vilaj Clinton. Inisyativ sa a pral ede konstwi sou fòs espòtif, edikatif ak fòs kiltirèl kominote sa yo, epi asire plis revitalizasyon yo alontèm."

**Senatè Eta a Joseph Griffo te deklare,** "Mwen kontan ke Vil Kirkland ak Vilaj Clinton pral resevwa ansanm finansman atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Eta a. Investisman sa a pral amelyore, revitalize ak ranfòse tou de kominote yo epi ede yo pozisyone yo pou yon avni ki pi briyan."

**Manm Asanble Brian Miller, te deklare,** "Mwen kontan anpil pou m wè aplikasyon konjwen Vil Kirkland ak Vilaj Clinton pou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown

Revitalization Initiative, DRI) Eta New York la, te resevwa 10 milyon dola. Finansman DRI a pral kontribye anpil nan angajman kominote a pou amelyore kalite lavi ekonomik, anviwònman, edikatif ak kiltirèl pou tout rezidan yo. Vil Kirkland ak Vilaj Clinton pral pwofite prim DRI a pou devlope yon ekonomi anba lavil vibran ak dirab, epi mwen felisite minisipalite yo pou efò kontinyèl yo nan non rezidan yo pou bay finansman ki nesèsè pou ede ranfòse kominote yo. Mèsi Gouvènè Kathy Hochul, ak tout moun ki te enplike yo ki te fè sa vin yon posiblite."

**Sipèvizè Adjwen Vil Kirkland la, Gary Colarusso, te deklare,** "Sa a se yon travay ki an pwogrè pou twa ane. Sa a se twazyèm tantativ nou epi mwen trè fyè pou yon gwoup moun ki pote sa jodi a. Pou zanmisa yo, mwen lonje kè m ak men bay yo. Sa a se yon gwo gwoup zanmi ki te non sèlman te nan Kanton an oswa Vilaj la li menm. Nou gen yon gwo relasyon ak vilaj la ki prèske nan sant kanton an ak tout bagay ki te fè sa a vin yon kote trè espesyal."

**Majistra Vilaj Clinton Izn, Elizabeth Tantillo, te deklare,** "Sa a se jis yon jounen sipèb pou jwenn 10 milyon dola pou kominote sa a. Tout moun ki te ede prepare pou jou sa a te vrèman inifye konte a ak Vilaj la ansanm epi nou ap tann gwo bagay nan kominote a."

### **Enfòmasyon Konsènan Inisyativ pou Renovasyon nan Sant Vil la**

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou investisman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSEDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-answit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive.

Nan senk premye ane pwogram nan, eta a te angaje 600 milyon dola pou investi nan 59 anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire redevlopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Kominote k ap patisipe yo dezinye pa 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal eta a dapre potansyèl anba lavil la pou transfòmasyon. Yo bay chak kominote 10 milyon dola pou yo devlope yon plan investisman estratejik pou anbalavil epi pou reyalize pwojè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizasyon avanse epi maksimize investisman siplemantè prive ak piblik yo.

Plis enfòmasyon sou DRI a disponib [isit la](#).

###

ANILE ENSKRIPSYON OU